

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana deskripsi BAB IV ngeunaan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu, bisa dicindekkeun yén hasilna ieu di handap.

Kahiji, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII D, kamampuh dina nulis pangalaman pribadina can mampuh, rata-rata peunteun anu dihontalna nya éta 5,81. Ditilik tina opat aspék anu dipeunteuna, nu kahiji, tina jihat eusi can mampuh, skor anu dihontalna 2,89 tina skor pangluhurna 5. Nu kadua, tina jihat sistematika can mampuh, skor anu dihontalna 2,97, nu katilu, tina jihat tatabasana can mampuh, skor anu dihontalna 2,86, jeung nu kaopat, tina jihat diksina can mampuh, skor anu dihontalna 2,89. Upama digabungkeun tina opat aspék anu tadi jumlahna nya éta 11,62. Upama dirata-ratakeun tina kaseluruhan aspékna kalayan ngagunakeun rumus PAP hasilna nya éta 5,81 atawa 60. Jadi, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII D tacan ngahontal kana KKM.

Kadua, kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D, kamampuh dina nyarita pangalaman pribadina can mampuh, rata-rata peunteun anu dihontalna nya éta 4,66. Ditilik tina opat aspék anu dipeunteuna, nu kahiji, tina jihat eusi can mampuh, skor anu dihontalna 2,67 tina skor pangluhurna 5. Nu kadua, tina jihat sistematika can mampuh, skor anu dihontalna 2,86, nu katilu, tina jihat tatabasana can mampuh, skor anu dihontalna 2,51, jeung nu kaopat, tina jihat diksina can mampuh, skor anu dihontalna 1,81. Upama digabungkeun tina opat aspék anu tadi jumlahna nya éta 9,32. Upama dirata-ratakeun tina kaseluruhan aspékna kalayan ngagunakeun rumus PAP hasilna nya éta 4,66 atawa 50. Jadi, kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D tacan ngahontal kana KKM

. *Katilu*, dumasar kana hasil tés kamampuh nulis jeung nyarita pangalaman pribadi anu kaugel dina tabél 4.3, katangen aya bédana antara ieu dua kamampuh. Ditilik tina opat aspék anu dipeunteunna, upama dibandingkeun tina eusi,

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sisitematika, tatabasa, jeung diksina, kamampuh nulis leuwih luhur tibatan kamampuh nyarita. Skor eusi anu dihontal dina kamampuh nulis nya éta 2,89, sedengkeun skor dina nyarita 2,67. Skor sistematika dina nulis anu dihontal nya éta 2,97, sedengkeun skor dina nyarita 2,86. Skor tatabasa dina nulis anu dihontal nya éta 2,86, sedengkeun skor dina nulis nya éta 2,51. Sarta skor diksi dina nulis anu dihontal nya éta 2,89, sedengkeun skor dina nyarita nya éta 2,13

Kaopat, korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D dina ieu panalungtikan nya éta r itung $< r$ tabél. r itung = 0,027, leuwih leutik tibatan r tabél = 0,418. Hartina siswa anu miboga kamampuh nulisna luhur, henteu miboga kamampuh nyarita anu luhur, sabalikna siswa anu miboga kamampuh nyarita luhur, henteu miboga kamampuh nulis anu luhur. Pangaruh antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D dina ieu panalungtikan pangaruhna leutik pisan nya éta ngan 0,0279%.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, masih loba pasualan-pasualan anu perlu diropéa deui. Kitu deui aya sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangfaatna pikeun kamajuan sakola dina ningkatkeun tur mekarekeun deui strategi diajar ngajar hususna dina nulis jeung nyarita.

Ieu di handap mangrupa saran anu di tujukeun pikeun:

a) Saran pikeun Guru

- Tina hasil panalungtikan, kamampuh nulis jeung nyaritana can mampuh. Ku kituna, guru dipiharep bisa ngaronjatkeun deui dina opat aspék anu dina nulis jeung nyarita.
- Guru kudu bisa leuwih kréatif dina milih media pangajaran anu luyu jeung matéri anu baris ditepikeun ka siswa, sangkan siswa leuwih daria tur sosison diajar hususna dina pangajaran nulis jeung nyarita.

b) Saran pikeun Siswa

- Siswa dipiharep leuwih ngabiasakeun deui dina diajar nulis jeung nyarita hususna basa Sunda, sangkan leuwih euyeub deui kosakecap basa Sundana

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Siswa masih mikabutuh bimbingan ti guru pikeun ningkatkeun karep kana nulis jeung nyarita supaya leuwih resep deui diajar basa Sunda.
- Siswa ningkatkeun deui kamampuh nulis jeung kamampuh nyaritana, sabab nulis jeung nyarita mangrupa kaparigelan basa anu bisa ningkatkeun kamampuh tur poténsi anu aya di dirina.

c) Saran pikeun Panalungtik Séjén

- Kusabab ieu panalungtikan komparatif, dipiharep pikeun panalungtik séjénna kudu leuwih jero deui kana nalungtik hiji matéri.
- Dipiharep panalungtikan ieu jadi motivator pikeun panalungtikan séjénna.

